

Fason pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Biwo Pwogram Evalyasyon Fanmi yo louvri
lendi jiska vandredi,
ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m.
Demann nan Imèl:
FAPinquiry@acs.nyc.gov

Pou fanmi ki abite nan **Manhattan** :
Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Manhattan
60 Lafayette Street, 2èm etaj
New York, NY 10013
(212) 341-0012

Pou fanmi ki abite nan **Brooklyn** :
345 Adams Street, 8èm Etaj
Brooklyn, NY 11201
(718) 260-8550

Pou fanmi ki abite nan **Queens** :
Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Queens, 4yèm etaj
151-20 Jamaica Avenue,
Jamaica, NY 11433
(646) 599-3308 oswa (718) 725-3244

Pou fanmi ki abite nan **Bronx** :
Sant Resous Fanmi
260 East 161st Street, Sublevel
Bronx, NY 10451
718-664-1800

Pou fanmi ki abite nan **Staten Island** :
350 St. Mark's Place, 5èm Etaj
Staten Island, NY 10301
(718) 720-0071

Pwogram Evalyasyon Fanmi an



Ede adolesan yo ak fanmi yo fè fas ak
defi chak jou

Divizyon Jistis Jenn Moun ak Fanmi

NYC Children



NYC Children

Kisa FAP ye?



Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun nan Pwogram Evalyasyon Fanmi (Family Assessment Program, FAP) bay sipò pou fanmi ki gen difikilte pou fè fas ak defi chak jou.

FAP se yon premye etap nesèsè pou fanmi k ap chèche aksè nan tribinal fanmi atravè sistèm Persons In Need of Supervision (Moun ki Bezwen Sipèvizyon, PINS).

Kisa Pwogram Evalyasyon Fanmi an ye?

Souvan fanmi yo akable ak sitiyaasyon ki gen estrès. Fè edikasyon timoun se yon travay difisil; li difisil pou bay sipò regilye epi ede pitit ou yo pandan w ap pran swen pwòp bezwen ou yo. Li pa toujou fasil lè ou yon adolesan tou. Jwenn yon fason pou balanse tout bagay nan lavi ou - tankou lekòl, zanmi, fanmi, travay nan kay la, ak travay - ka fatigan ak bay anpil estrès.

Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun nan Pwogram Evalyasyon Fanmi (Family Assessment Program, FAP) bay sipò pou fanmi ki gen difikilte pou fè fas ak defi chak jou. FAP se yon pwogram reyabilitasyon - yon pwogram ki ap eseye ede rezoud pwoblèm fanmi san yo pa bezwen ale nan tribinal la. Atravè evalyasyon, konsèy endividyalize, konsèy,

ak rekòmandasyon nan yon seri sèvis nan kominote ak nan kay, FAP travay pou bay fanmi yo jarèt ak diminye konfli.

Se sèlman si ou vle w ap resevwa sèvis reyabilitasyon nan men FAP. FAP se yon premye etap nesèsè pou fanmi k ap chèche aksè nan tribinal fanmi atravè sistèm Persons In Need of Supervision (Moun ki Bezwen Sipèvizyon, PINS). Yon fanmi dwe patisipe nan FAP anvan y ap ka depoze yon petisyon PINS. Li se yon fason pou jwenn aksè nan anpil sèvis ki bay sipò regilyèman pou fanmi ki nan kominote yo. FAP pa pral ede yon fanmi ranpli yon petisyon PINS nan tribinal ki okipe zafè fanmi, sof si tout lòt altènativ yo te fin itilize.

Kisa ou ta dwe espere jwenn nan FAP?

Lè fanmi yo fèk rive nan Pwogram Evalyasyon Fanmi an, y ap akeyi anplwaye FAP yo epi prezante yo nan pwogram nan. Si fanmi an deside patisipe, yon travayè sosyal ap fè yon entèvyou. Li se yon ekspè nan rezolisyon kriz fanmi.

Travayè sosyal yo mete nan dosye ou an pral pale ak chak fanmi pou konprann sikonstans

ki te mennen yo nan FAP, epitou, idantifye opsyon ki pi itil ak pratik pou rezoud pwoblèm fanmi an. Travayè sosyal la ap poze kesyon sou enkyetid, fòs, ak sikonstans fanmi an. Selon konvèsasyon sa a, travayè sosyal la ap idantifye opsyon ki pi itil ak pratik pou rezoud pwoblèm fanmi an.

Èske FAP yon bon pwogram pou fanmi mwen?

FAP sèvi fanmi ki gen timoun ki gen jiska 18 tan epi ki gen difikilte youn ak lòt.

Fanmi yo ka jwenn èd nan men FAP lè yon jèn moun:

- Pa vle ale lekòl, oswa ki gen difikilte ak pwofesè oswa klas yo.
- Ki disparèt oswa k ap plede sove kite kay li.
- Sèvi ak dwòg oswa alkòl.

- Gen zanmi ki negatif.
- Ap lite ak maladi mantal.
- Gen konpòtman pwovokatif oswa danjere.

Nenpòt fanmi ka jwenn èd nan men FAP. Ou PA bezwen gen yon dosye ACS ouvè pou jwenn èd nan men FAP.